

Ay digle yu gaaw ci Appu Liggéeyu Ayu-bis ak Liggéey bu ëpp ngir Joxekati Jagoo yi

Ab liggéeyu ayu-bis mooy:

- Gaawu 12:00 ci suba (miniwi) ba 11:59 ci ngoon.
- Ab liggéeyu ayu-bis mën naa jeggi ab diirub fay.
- Ab liggéeyu ayu-bis mën naa jeggi ay weer.

Sunday	Monday	Tuesday	Wednesday	Thursday	Friday	Saturday	
15 6	July 16 6	17 6	18 6	19 6	20 5	21 5	40
THIS WEEK CROSSES 2 PAY PERIODS →							
22 5	23 5	24 6	25 6	26 6	27 6	28 6	40
THIS WEEK CROSSES 2 MONTHS AND 2 PAY PERIODS →							
July 29 5	30 5	31 6	Aug 1 6	2 6	3 6	4 6	40
THIS WEEK CROSSES 2 MONTHS AND 2 PAY PERIODS →							

Di nfa jot ay jëfi déggoo ngir liggéey lu ëpp sag yemale liggéey ngir:

- Tàggatu DSHS buñu sàkku
- Waxtu Tukki buñu nangu
- Saytug Waxtu
- Paid Time Off (PTO)

Nan lay mën a moytoo ay dakkal deggoo?

- Deel faral di njëkk a tëral sa waajalug liggéey laata liggéeyalu ayu-bis bi di tambali te nga bind ko.
- Sudee way-jëfandikukat bi dafa bëgg a soppi te war a liggéey ab waajal buy lor say yemaley liggéeyu ayu-bis, jokkool ak saytukatu mbiru way-jëfandikukat bi ci saasi.
- Bindal sa waxtuy liggéey ci ab këyitu waxtu bis bi nga jota liggéey ba noppi, mën nala jàppale itam soko bindee ci ab arminaatu këyit. Deel faral diko xool ngir wérлу ni yaa ngi wey di nekk ci say yemaley liggéeyu ayu-bis.
- DSHS amna ay costéef yu jàppandi ngir dimbali la yaw ak sa liggéeykat / way-jëfandikat ngeen am yeneeni leeral ci saytu sa waajal ngir nekk ci say àppi waxtu yuñ ci dolli. Yile costéef jàppandi nañu ci www.dshs.wa.gov/altsa/IPOT.

Ban diir la jëfi deggoo yi di xaar ci sama déggoo giiru dundu?

- Dakkal deggoo bu ci nekk dina wey di nekk ci sa taxañ ci diirup 12 wér bawoo ci bis bi nekk ci kaw yëgle dakkal deggoo bi. Su weeso 12 wér, dina ñu těj deggoo bi.

Weer wuñu ràññaatle ci sa jëfi déggoo wala bataaxal buñu jot ci weeru payoor bi:

- Sudee dañoo bind ci sa bataaxal bi "ngir waxtu yuñu fay ci weeru Awril," waxtu yi nga liggéey dafay dugal waxtu yuñu liggéey ci weer wi laata (Màrs).
- Jokkool al saytukatu ay bi soo amee ay laaj ci weer yi ëpp yi nga sàkku.